

RAGAD ADVERTENTIE:  
Kabar premili: 1 - 30 temboeng f 1.  
Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi  
kirang: f 0,50.  
Advertentie limrah: f 0,15 sageris;  
(apes: f 1,25).  
Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-  
pisan, oetawi moendoet dados lenganan,  
teping rembag roemijn kalijan admini-  
stratie.

Hoofdredacteur:  
A. DJAJASEPOETRA.  
kabantoe  
REDACTIE - COMMISSIE.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

### Medal saben dinten Djoemoewah.

## KABAR PAKEMPALAN.

W.K. Mataram.

Kala Ngahad 14 September poenika, Wanita Katholiek tjabang Mataram ngawontenaken parepatan.

Rembag - rembag ingkang perloe:

1. Gandeng kalijan sedahan saking wanita Hindoe soepados wanita ing ngriki angtoenaken wawakil dateng All-Aziatische Vrouwen-Conferentie Honoloeloe, bêndjing Januari 1931. W.K. Mataram inggih badé ngoeroeni waragad pasongan kangé wakilipoen tanah ngriki dateng Conferentie waoe. Kawartsingkang badé dados oetoesan, satoenggiling wanita ing Bandoeung.

2. Angrembag angadjengaken studiefonds. W.K. Mataram badé mijara menda, katitipaken salah satoenggiling tjiang Kath padoesoenan, babatènipoer kangé ngiséni kas studiefonds.

3. Bêndjing woelan sijam poenika saged oegi P.W.K. badé damel konggrès sapisan mangén ing Mataram. W.K. Mataram badé angtoenaken barang dadameling warganipoen; babatèn kangé studiefonds.

Staatsidee mitoeroet pamanggihpoen Kg. St. Rama Leo XIII.

Nalika tg. 6 - 9 - '30 Studieclub P.P.K.D. afd. Soerakarta èstoe nampi lezingipoen sad. R.I.W. Djidjasoesana, atas C.C. Solo, bab "Staatsidee volgens Paus Leo XIII," ringkesanipoen kados ingandap poenika.

Djoeroe sabda ngènetaken, bilih Nagari mitoeroet piwoelang Katholiek poenika sagedipoen dipoenngertosni saëstoe namoeng sarana ngèneti wontenipoen organisme ageng: Pasamoewan Soetji. Namoeng sarana njamèk-njamèkaken organisme kekalih poenika tegesing Nagari mitoeroet piwoelang Katholiek saged dipointjelaki.

Réhning organisme kekalih poenika mitoeroet pamanggih Katholiek ingkang dipoenperlokken langkoeng-langkoeng bab toedjoenipoen, mila djoeroe sabda ladjeng mendet temboeng, "societas" oetawi "pakempalan," kangé lelandesaning tetandingan, djer pakempalan makaten perloening - ngaperloe langkoeng-langkoeng doemoenoeng ing toedjoe.

Definitienipoen St. Thomas van Aquino ingatasipoen societas kérang karowakan makaten: "Pakempoelan wong-wong, kang kasoerih awèt, kango ndjangka toedjoe oemoem, nganggo panoentoen kang diakoni," Dados pokokipoen: a). tjiang sawatawis, b). pakempalan ingkang pinoerih awèt (lestari), c). toedjoe oemoem, d). panoentoen.

Djedjer sekawan prakawis poenika ladjeng dipoenpétani, katoemrapaken Nagari (Pepréntahan), lan samangsa perloe kangé mewahi terangipoen Staatsidee mitoeroet pamanggih Katholiek, oegi ladjeng katoemrapaken dateng Pasamoewan Soetji.

Bab a). (tjiang sawatawis) boten karembag, sabab Kg. Paus boten anggepok prakawis poenika, mila ladjeng ngrembag bab b. ingkang noewohaken pitakén 3 prakawis: asal, kekijatan lan agenging Nagari (de oorsprong, de duurzaamheid en de omgang van den Staat). Kekijatan lan agenging Pepréntahan karembag, ing wingking sarta namoeng karsrèmpèd kémawon. Déné ingkang karembag bakoenipoen bab:

Asalipoen Negari.

Mitoeroet piwoelang Katholiek Negari poenika pinangkanipoen saking Goesti Allah. Djoeroe sabda njoengeloel-njoengeloaken serat-seratiptoen Kg. St. Rama Leo XIII katah sanget ingkang nerangaken prakawis poenika. Keterangan waoe wosipoen: Sarèhné: saking kodratipoen, manoengsa poenika, moerih katjekapan betahipoen, kedah manoenggil, ingkang ladjeng mahananai

Nagari, dados tjeta sanget, bilih asalipoen Negari poenika namoeng saking ingkang karja kodrat: Goesti Allah pribadi.

Réhning pinangkanipoen pangoe-  
waos poenika gandeng kalijan pi-  
nanganing Negari, mila djoeroe  
sabda ladjeng ngrembag bab d.  
prakawis panoentoen, ingkang noe-  
woehaken pitakén 3 warni malih:  
bab asal, roepi lan tangkeb kita  
dateng pangoewaos (pangageng).

1e. Pinangkanipoen pangoewaos.  
"Non est potestas nisi a Deo."  
Boten wonten pangoewaos kedjaw-  
i saking Goesti Allah, makaten pa-  
ngandikanipoen Santo Paulus, lan  
inggih makaten piwoelangipoen Kg.  
St. Rama Paus Leo XIII bab asaling  
Pangoewaos, saha teroesan (onmid-  
dellijk), manawi pangoewaos waoe  
mligi, ingkang kasawang lan linan-  
taran (middellijk), i.p. nganggè lan-  
taran pikadjengen lan pandameling  
manoengsa, manawi pangoewaos  
waoe kasawang saking anggèni-  
poen kapasrahaken dateng ingkang  
mengkoe pangoewaos (gezagdrager).

2e. Woedoeding pangoewaos.

Prakawis poenika boten dipoen-  
temtokaken, kedah woedjoed kradjan  
poenapa republiek, poenapa-poena-  
pa, nanggipoenakadeng, oeger-  
ipoen saged anggajoe toedjoening  
Nagari i.p. gemah ripah oemoem  
(het algemeen welzijn), sarta toemrap  
ingkang kaséréhan pangoewaos ke-  
dah njonto Allah, ing bab anggèni-  
poen maréntah Nagari.

3e. Tangkeb kita dateng pangoe-  
waos.

Prakawis poenika kabédakaken  
dados tiga: a). toemrap para ngem-  
bani pangoewaos kawoedjibanipoen  
kedah ngadil, boten kados bendara,  
nanggih kedah kados bapa: ngadil  
lan goemati.

b.) Toedjoening pangoewaos boten  
wonten lija, kedjawi moerih: wiloe-  
djenging oemoem.

c.) Toemrap para réh-réhan kedah  
mbangoen mitoeroet, kados patrap-  
ing anak dateng bapakipoen. "Qui  
resistit potestati, Dei ordinationi  
resistit." Sinten ingkang mbangkang  
Pangoewaos, mbangkang dateng  
tatananipoen Goesti Allah. (Rom.  
XIII, 2). Prakawis poenika terang-  
ipoen makaten: "Réhning manoengsa  
poenika sampoen kinodrat gesang  
manoenggil wonten ing Nagari,  
sarta pangoewaos poenika dados  
soehing Negari ingkang perloe,  
ngantos oepami pangoewaos waoe  
dipoenitjali, Negari badé morat-marit  
tanpa dados, mila sampoen sames-  
tinipoen, bilih Ingkang ngodrataken  
manoengsa manoenggil waoe, oegi  
marinipangoewaos wonten patoeng-  
gilaning manoengsa waoe (Nagari),  
ingkang kedah kaéstokaken déning  
kawoela, moerih Negari saged less-  
tantooen lan saged kadoemoegèn ing  
sedyu ndjangka kawiloedjenging  
oemoem."

Namoeng wonten sabab satoeng-  
gal kémawon tjiang kenging malah  
kedah boten mbangoen mitoeroet  
i.p. manawi kapeorih anglampahi  
poenapa - poenapa ingkang soe-  
laja kalijan anggering kodrat lan  
anggering Pangéran. "Obaedire  
oportet Deo magis quam hominibus."  
Tjiang kedah merlokaken Goesti  
Allah langkoeng roemijn tinimbang  
sesamining manoengsa.

Samangké djoeroe sabda ladjeng  
ngrembag bab c. prakawis toedjoe  
oemoem, mawi oeloek<sup>2</sup>, bilih njo-  
merekpi kanti terang dateng toedjoe-  
ning Negari poenika perloe sanget,  
kangé njoemerekpi tegesing Negari  
mitoeroet piwoelang Katholiek, sarta  
bédaning Negari kalijan Pasamoewan  
Soetji poenika langkoeng<sup>2</sup> oegi doe-  
moenoeng wonten ing toedjoenipoen.

Sadérèngipoen ngrembag toedjoe,  
djoeroe sabda ngènetaken roepi-  
reoping pakempalan, mitoeroet  
asalipoen, wonten pakempalan ing-  
kang kedah wonten noozakelijek  
(staat = natuurlijk noozakelijek ge-  
meenschap, Kerk = boven natuurlijk

### ISINIPOEN.

Kabar saking pakempalan — Da-  
gangan lan kagoenán — Poepoer  
sadoeroengé bendjoet — Tanggap  
sabda — Amèneti swargi Rama  
Pastoer Petrus Hoevenaars — Laré  
kénging ing late — Tjeloeloek —  
Ontjén sekar gambir melati — Oe-  
rap-sari — Correspondentie.

noodzakelijek gemeenschap) lan pa-  
kempalan mana soeka (Vrije ge-  
meenschap); mitoeroet toedjoenipoen,  
wonten pak, anggajoe toedjoe oe-  
moem (Kerk en Staat), wonten pak.  
anggajoe barang kaswargan (Kerk)  
wonten ingkang manoedjoe barang  
kadonan (Staat); mitoeroet piran-  
tosipoen, wonten pakemp. sampaerna  
(Kerk en Staat) lan wonten ingkang  
kirang sampaerna l.s.p.

Sasampoenipoen makaten djoeroe  
sabda ladjeng njökéni rantjangan-  
ipoen (schets) Pas. Soetji, awewaton  
Encijcl. "Satis Cognitum est", bab  
asalipoen, bab sarana-sarananipoen,  
bab warganipoen l.s.p., "Pas. Soetji  
poenika karana toedjoenipoen,  
nglangkoengi sadajaning pakempalan,  
krana sarana-sarananipoen: bo-  
ven natuurlijk, krana pinangkanipoen:  
goddelijk, nanggih krana wargani-  
poen: pakempalaniopoen tjiang."

Badé kasambed.

### PRADJA RAHAJOE.

#### DAGANG LAN KAGOENAN.

Bangsa Djawi perloe sanget ngan-  
djengaken padaganganipoen pijam-  
bak. Menggah sababipoen makaten:

Saja lami tjatjahing tjiang ing ta-  
nah Djawi poenika saja mindak, a-  
nanggih tjatjahing tjiang tani saja  
soeda, amargi saja katah tjiang ing-  
kang boten gadah sabin. Djalaran sakin-  
poenika katah tjiang Djawi ing-  
kang roemaos kekirangan teda, woe-  
sana ladjeng késah dateng tanah sa-  
brang (Soematra, Bornéo, lsp.) dados  
koeli kontrak. Masti kémawon ing-  
kang kados makaten poenika manawi  
saged kedah dipoenalang-alangi. Sa-  
rana poenapa? Inggih kados atoer  
koela ing ngginggil, sarana ngadjeng-  
aken padagangan. Nanggih padagangan  
ingkang gandeng kalijan ka-  
goenan (nijverheid).

Jén tanah Djawi boten tjekap ang-  
gènipoen ngedalatken oewos, ladjeng  
soepados saged neda, kedah toembas  
oewos dateng ngamantja, oepami  
Saigon lsp.

Soepados saged toembas, kedah  
gadah arta.

Soepados saged gadah arta, kedah  
sesadéan, (dedagangan).

Soepados saged sesadéan, kedah  
saged dedamelan, ladjeng kasadé,  
kawedalaken dateng ing sadjawining  
tanah Djawi.

Sapoenia damel poenapa ingkang  
padjeng kasadé wonten ing tanah  
sabrang? Poenapa iroes, tjowék,  
mantoë?

Poenapa oedeng, sindjang? Poenapa  
patjoel, arit?

Iroes, tjowék, moentoë lsp. poenika  
ing peken ngriki wonten ingkang  
toembas, nanggih poenika mawi  
arta ingkang sampoen wonten ngriki.  
Toemrapipoen tjiang satanah Djawi;  
ingkang kados makaten poenika boten  
migoenani. Saminipoen tjiang  
sabrajat ingkang gadah barang da-  
gangan lan gadah jatra. Bijoeng sa-  
dé oepami sindjang (sindjangipoen  
tjiang sabrajat), ingkang toembas  
anakipoen pijambak mawi arta ing  
ngrikoe (artanipoen tjiang sabrajat).  
Poenapa saged bat? saged madjeng?  
Boten.

Soepados saged bat, madjeng, ba-  
rang dagangan waoe kedah kasadé  
dateng tjiang sanès.

Makaten oegi tjiang Djawi kedah  
dedagangan lelawanan kalijan tanah  
ngamantja.

Doemoeginipoen samangké tanah  
Djawi pantji saged ngedalaken pa-

dagangan kanggé tanah ngamantja,  
nanggih ingkang dagang dédè tjiang  
Djawi (Indonésia).

Gendis, karét, kenini, lisah seré,  
sata lsp. poenika kakintoenaen dat-  
teng tanah Éropa lsp. nanggih  
ingkang sadé lepatipoen bangsa Wa-  
landi inggih bangsa Tjina. Ladjeng  
jatra pepadjengen kerep medal ma-  
lih saking tanah Djawi.

Tanah - tanah poenika saben din-  
ten peperangan awoedjoed djor-  
doran anggènipoen sesadéan. Won-  
ten Goepernoer Djéndral saking Anoe  
miki, wonten Pangéran saking Anoe  
miki, poenika sadaja rak namoeng  
soepados raket anggènipoen memi-  
tran tanah Anoe waoe kalijan tanah  
Djawi, woesana ndjalari saja gam-  
pil anggènipoen saged sasadéan. Djala-  
ran saking poenika jatra ing tanah  
Djawi ladjeng medal (soeda). Béda  
kalijan jén tjiang Djawi saged sesa-  
déan dateng tanah mantja, arta ing-  
kang melet dateng tanah Djawi,  
manawi medal malih namoeng margi  
kanggé toembas kabetahanipoen pi-  
jambak, kanggé toembas teda lsp.

Manoet atoer koela ing nggingil,  
perloe sanget manawi tjiang Djawi  
ngadjengaken padagangan lan ka-  
goenán. Para djempol-djempol pan-  
tes manggalih bab poenika sarana  
ngoodi oepami wontenipoen pamo-  
langan padagangan lan pamoelangan  
kanggé sinaoe dedamel.

Jén Kober.

### POEPOER SADOEROENGÉ BENDJOET.

Kala tanggal 1 September poenika  
ing Semarang wonten arak-arakan  
ageng-agengan, kanggé mangajoe-  
bagja, mèngeti wijosan Dalem Sri  
Maha Radja Poetri Wilhelmina, ing-  
kang tetep joeswa 50 taoen. Koela  
boten badé ngatoeraken édi pénin-  
ing arak-arakanipoen sadérèk kita  
Djawi, Tionghoa lsp. Namoeng ba-  
dè ngatoeraken panalangsaning ma-  
nah nalika njapaton ningali lampah-  
ing arak-arakanipoen sadérèk kita  
Djawi pijambak.

Panalangsa kados-poendi? Kala  
samantan kinten-kinten wantji djam  
9 langkoeng koela sampoen soek-  
soeken kalijan sadérèk kita Djawi  
wonten ing aloen-aloen perloe badé  
namataken arak-arakan. Nanggih boten  
saged premania. Wasana kepeksa  
na gesoek toeroet margi ngantos  
angsas papan wonten ing margi Bo-  
djongweg. Wonten ngriki kepeksa  
soek-soeken kalijan montoripoen pa-  
ra Walandi, ingkang sami ningali  
boten saged teroess mlampang, margi  
dipoenawisi ing poelisi. Toemenga  
manginggil ing lotènganing toko  
djebol inggih katah njonjih lan wa-  
landi ingkang sami ningali, malah  
wonten ingkang sami riboet masang  
kodakipoen. Saja dangoe bentèripon  
kita Semarang saja boten kenging  
dipoensanak. Mangka mangsanipoen  
saweg kados makaten.

Inggih wonten ngadjeng pijam-  
bak politie ingkang sami mrana-  
nihan toempakan lan ngoendoer-  
akan para nganggih, ladjeng muziek.  
Nitik sandang pangangéniipoen, ka-  
dos muziek saking Algemeene poli-  
tie. Para loerah-loerah. Tjekakipoen  
karowan sanget manawi koela was-  
tani sedaja golong-golonganipoen.  
Sarana maos serataning bandéra  
mbapang (vaandel) sampoen saged  
njemerepi golongan poenapa. Bang-  
sa krontjong pepak, bal-balalan won-  
ten, ketoprak pilih tanding. Saja  
manawi mirsani arak-arakan saking  
darah Tasripin, kenging kaëmper-  
aken kalijan jén mirsani tedak lodji-  
ing Soerakarta lan Ngajodjakarta.  
Manéka warni bandéra rontèk oem-  
boel<sup>2</sup>. Ringgit katandoe sesindénan  
kairing ing gangsa. Oepatjara bang-  
sa djené<sup>2</sup>, tjara kratonipoen mbok-  
manawi kémawon: banjak dalang  
sawoeng galing, lsp. ingkang sami ka-  
sawoeng ing tjiang éstri. Kebatosan:  
"Samono kekoewating doewit". N.B.  
Wonten ingkang kedah kita pèngeti-  
manawi ngawontenaken arak-arakan  
mangsa bentèr: ing rikoe antawis-  
ipoen pepantan satoenggal lan sa-

REGINIPEN LENGGANAN  
SWARA TAMA

1 taoen . . . . .	f 6,-
-------------------	-------

Ing riki koela kèmeotan arak-arakan ing Ngajodja, namoeng kala taoen pinter sampaen kasoepèn, kala pandjenengnipoen R. A. Soejati, nedak soenggeng pandjenengnipoen soewargi R. A. Kartini, si-naoe wonten ing salebetting kamar, poenika kenging dipoenawang, dipoenraosaken, dipensoeraosaken. Kbn: 9 September 1930.

Taklim: Soekatja.

## ECONOMIE.

### TANGGAP SABDA.

Ing Sw. Tm. no. 36 medal tanggal 5/9 30, sadérèk Singgih njerat bab tjiang gadah damel ing Sragèn. Sadaja andaran waoe leres, malah boten namoeng ing Gondang kémawon, pamanggih koela ing poendi-poendi oegi makaten. Namoeng kémawon bédá-bédá tjaranipoen, sasoemerep koela boten namoeng jén mantoe tetakan, soenatan kémawon, tjiang namoeng njéwoe (njlameti tjiang pedjahan) inggih ngwontenaken oelem, ngatoer-atoeri, perloe inggih mamrih soembangan. (Ning inggih wonten ingkang njelé boten moendoet soembangan lo.) Tjekakipoen jén dèn pétani sajektos tjaranipoen bangsa kita (kaem kolot) poenika namoeng nelas-nelasaken ragad kémawon (inggih ingkang ngoendang of ingkang kaoendang pisan). Limrahipoen jén dipendjak kembel dahar sanak kadang poenika seneng, rak inggih-inggih, ning jén tjaranipoen kados ingkang koela atoeraken waoe koela wantoon meték, tamtoe malah sambat, saja ing wekdal samangké, mangsanipoen tjiang gadah damel gék padamelan awis, malah katah ingkang ngangoer saweg kateda saanak sémah kémawon krabjakan, la kok malah kenggé njoebang ingkang apes 1 roepijah. Nanging sareng sampaen tjaranipoen kok inggih meksa boten kétang dateng lintah darat dipointemah. Kinten koela atoer koela waoe kok boten namoeng ing padoenoeng koela kémawon, saged oegi mratah.

Sadérèk saréhning poenika namoeng tjara, poenapa kinten-kinten boten saged éwah? Jén éwah kados-poendi rékanipoen? Manoet pamanggih koela jén poenika saged itjal bokmanawi ra'jat saged ragi oendjal ambegan, margi isis sesanggénipoen. Inggih leres poenika boten peksan, nanging sareng sampaem oemoem, dados menawi dipoenolemi dateng boten njoebang, poenika inggih boten sreg, margi kadeset tjara. Lah menggahing kalangan Katholieke kados-poendi sadérèk? Poenapa sami wani ngruemijini ngitjali tjara ingkang mlarati poenika? Tjiang Katholieke ingkang kalih-kalihipoen djempol (kakoeng poetri), temtoe wantoon njéplang tjara lan ngitjali tjara waoe srana damel toelada, oepami: ngitjali slametan, boten sesadjji (tjara kolot) tingkepan, brokohan, tedak sitèn, njangkok, netaken, netesaken lsp. sedaja kedah kaboetjal tebih boten kenging kaingoek malih. Sanadyan tangga tepalih pandjeneng sanès golongan Kristen, sampaen adjrik katjatoer lan karaosan, sepisan ping kalih ngraosi, nanging jén sampaen atoel rak itjal pijambak, poen tjobi kémawon, boten-botenipoen mitoenani. Oeger wiwit tjak sepisan pandjeneng sampaen këndel nanggoelang rikoeh (rikoeh kléntoe) poen djak main boten kersa, boten slametan, boten medjemoekan, boten roewahan, mangké tangga rak sami ngertos jén Katholieke poenika bédá tjaranipoen, lan tjiang dédè R. K. Srananipoen jén sok sandjan omong-omonganipoen kersaa ngrembag bab kamlatan ingkang djalaran saking netepi goegon toehon ingkang boten pinanggih ing nalar waoe, sarta ngiras pantes mentjaraken agami kita, awit tjiang poenika menawi sampaen koelina boten adjrik tjiang (tjlingoes) ratjakipoen inggih boten rikoeh ngrongkebi pitadosipoen wonten ngadjengipoen tjiang kataba (volk).

Sanadyan pamanggih koela kados mukaten, éwa déné koela boten goemagah, soepados kaandela, nanging koela ngentosi bab poetoesan, "Tata Tjara Katholieke saking P.K.W." mangké kados-poendi poetoesanipoen bab poenika, tamtoenipoen rak oegi klebet mrikoe ta? Déné jén boten, commissie tata tjara kersaa anggalih atoer koela poenika. (Soembangan!)

Laré doesoen tjoebloek.

A. Boegel.

### AMÈNETI SWARGI RAMA PETRUS HOEVENAARS. †

(Sambet sabda, saking Solo).

Soemedot lir sinendal raosing manah, sareng koela mireng pawartos, bilih rama P. Hoevenaars kaladjeng séda.

Ngoengoening manah, déné men-

tas kakabaraken radi wonten senggangipoen, teka kaladjeng séda.

Sampaen séda? Anèh sanggel! Déné gambaripoen taksih katingal gawang-gawang, tjoometa ngaléla wonten ing pangangen-anngen..... kok sampaen séda, Ing batos dèrèng poeroen pitados koela.

Sinten tjianggipoen ingkang boten getoen ngoengoen tinilar ing Pangèn oetami, ambek ambapa, pantes pi-noendi-poendi ing ngakatah.

Rama P. Hoevenaars singkang gambaripoen tansah angtingali ing pangangen-anngen..... sampaen séda, tinimbalan ing pangajoenaning ingkang Maha Soetji.

Soewargi Rama, sanadjan sampaen doemoegi ing joeswa, éwadéné salira taksih katingal kekah, pideksa sarwa sarwi santosa, teroës djai lebet, liripoen salira kekah, wewatekan panggah, sakarsanipoen kedah kalampahan, boten wegahan, loemoeh moendoer sedjangkah,.... panthes sineboet dadas Sénapatining Sang Kristoes, ingkang boten ngoetjiwani ing samadyaning prang, tan kewran dateng sadaja pasang raktit gelaring mengsa.

Pasemonipoen: semroeweng ambeapa, damel adjrik asih ingkang toemmingal.

Tjandrainipoen: tadjem alantip ing semose moempoeni ing salwiring réh. Tindak tandoekipoen amratjihnan iantosha ing boedi, sadjak sagah ing sameobarang damel saged ngrampoengkarja.

Manawi ngandika semoe sakéjtja, mitjara, saged mranani, agadem gampil toemanem ing salebetting sahoebari. Sinten tjianggipoen ingkang boten resep mirengaken pangandikanipoen.

Rama P. Hoevenaars teka.... sampaen swargi, pinoendoet sowan ing pangajoenaning ingkang Maha Soetji!

Dangoening - dangoe gambaripoen badé katingal saja lamat-lamat..... badé sirna ing pangangen-anngen. Ananging asmanipoen Petrus Hoevenaars boten badé saged sirna, panthes sióerat mawi prada. Asmanipoen Rama swargi badé saja angganda aroem, djer katah sanget tetilaran patilasanipoen ingkang taksih goemelar tjoometa kasat mata.

Sinten ta ingkang atjakal bakal grijja Pastoeran toewin Kasoesteran ing Mendoet, pamoelangan tjalong goeroe èstè? (\*) Ingkang sapoenikanipoen sampaen dadas redja, grijja bebandjengan, prasasat arebat timbang kalianj Pastoeran ing Moentilan, ngantos dados gawoking ingkang sami toemingal. Sanadjan boten mijambaki ananging swargi Rama prasasat kenging winastanan ingkang tjakal bebakal; panthes linaloeri dipoenmoeloé ing saladjengipoen. Koetjiwa déné papanipoen radi rempit wonten ing samadyaning padoesnoen ing tetirahing paredèn.

Ananging ing telenging papan karamejan ing kita ingkang ageng pijambak ing tlatah Djawi tengah, swargi Rama oegi tilar patilasan inggih poenika ing Tjandi Semarang.

Grijja papan pangoepakaraning laré-laré lola bangsa Indo ing Tjandi, ingkang katingal ndjenggarang bebandjengan saking katabihan, poenika inggih tilaran ijasanipoen Rama swargi. Kinten - kinten ing saindenging noesa Djawi boten djangkep kalah grijja lola ingkang wani ngembari saénoipoen toer mirantos njekapi kados ing Tjandi.

Ngantos dangoe(\*\*) swargi Rama djoemeneng dados bapa iboening laré-laré lola. Pangastanipoen kentjeng toer ngatos-atos akanti tresna lair batos, kados poetraniipoen pijambak, ngantos laré<sup>2</sup> lola waoe kesoepèn dateng lolanipoen, tangkepiopoen kados dateng tjiang sepoehipoen pijambak. Katah laré-laré ingkang pantjènipoен boten kopèn, tanpa bapa, tanpa bijoeng, kelarahan toeroet margi, saged dados tjiang ingkang otami, migoenani ing oemoem. Saiba sapinten kémawon badé katrimahipoen laré-laré waoe dateng pandjeneng ipo.

Ing taoen 1923 Rama swargi kondeer dateng nagari Walandi perloe ngasokaken salira.

Sakondoeripoen saking nagari Walandi, boten antawis dangoe, kapasang jogi sanget pandjenengnipoen kapindah dateng ing Soerakarta-adiningrat, poeser telenging kadjawèn; toemraping Agami, papan ingkang taksih roengkoet, roempil, wingit boten kenging sinoewawa.

Ing ngrikoe katingal sanget swargi Rama anggènipoen tjantjoet tjakoet toemandang ngetok boedi toewin karosan babad-babad amoerih djembaring Kraton Dalem Sang Kristoes.

Tandangipoen ing semoe kadi déné badé amoengkasi sadaja pakarjanipoen. Mila manawi tjinandra lir satrica ingkang ngetok karosan amentang langkap, ngelapken sandjata pamoenkang. Dasar sinoemang angsal barkah idining Pangéran

ingkang tanpa oepami, Rama swargi anggènipoen babad-babad katah sanget angsal-angsalanipoen kenging kawastanan saged pasang dedasaring missie Djawi wonten ing Soerakarta adiningrat.

Ing dalem 5 taoen laminipoen \*) saged ada-ada ijasa pamoelangan warni-warni.

Boten namoeng babagan pangadjaran kémawon, ananging baébagan sociaal, minangka kenggé njampeti kabetahaning gotrah Katholieke; oegi katah titilaranipoen: kados déné: St. Ellsabeth vereeniging, St. Ignatius vereeniging, Maria Congregatie doemoegi papan pakoeboeran kenggé gotrah Katholieke Djawi oegi dipoen-sadijani.

Sementan pakarjanipoen Swargi Rama wonten ing Soerakarta, ngan-tos dados goemoenaning ngakatah.

Nanging inggih namoeng doe-moegi semanten; djer saliranipoen saking mempeng penggalib prasasat ngantos kasoépkéken, kang mangka dasar sampaen joeswa, saja dangoe sangsaja katingal soeda soesoe.

Pangageng boten kekilapan bab poenika, wasana ladjeng kapindah dateng Semarang moerih ngasoken salira. Wonten ing ngrika tansah ginandjar gerah; kapindah dateng Ambarawa, moerih kisisan hawa ingkang sakéjtja, .... ananging tanpa daja, djer semoenipoen pantjèn sampaen doemoegi ing kala mangsanipoen badé pinoendoet pi-sañoipoen wonten ing pangajoenaning Hyang Maha Soetji, anampéni gandjaran langgeng.

Pramila wonten ing Ambarawa oegi tansah gerah, ngantos kalampahan kabojong dateng ing grijja sakit St. Elisabeth ing Semarang ngantos doemoegining sédanipoen, tinoeng-koelan ingkang raji pijambak rama Jac. Hoevenaars.

Sédanipoen sakéjtja, soemarah kanti tentreming manah.... R.I.P.

Toemraping missie . . . , kétjalan bebae ingkang peng-pengan.

### VAN LITH-STICHTING.

#### JEJASAN ÉNGGAL

poenika sage dipoen

madjeng goemantoeng

dateng

Pandjeneng sadaja

#### Penningmeester V. L. S.

p/a 2e. Convict

MOENTILAN N. I. S.

Ing saréhning rama P. Hoevenaars swargi oegi boten nama sakéjtja lelabetanipoen toemraping katabihan, poenika raja tjiang tijang, ingkang grijja saking setan. Awit lalampahan ingkang katingalipoen anéh, ngéram-éramaken, poenika manawi dipoeneroes kanti setiti ngati-ati, teka ladjeng ketingal wéla-wéla boten anéhipoen. Anéhipoen waoe namoeng kabekta saking daja-daja oet. barang-barang ingkang salarapoten boten kawoeningan. Oepaminipoen: Radio. Toemraping tjiang, ingkang boten soemerep sangkuning swara, ladjeng mastani anéh, mbokmanawi oegi;

"Saka setan!" Nanging toemraping ahli winasis radio waoe namoeng barang limrah kémawon tal

P. K. W.

#### LARÉ KENGING LATOE.

Kala tg. 25-8-'30 Kebajan ing doesoen koela tjiros dateng koela jén mentas toewi sedérèkipoen ingkang gegejra ing doekoh Dwoeng Wosipoen mekaten:

Kala malem tg. 20-8-'30 laré djalur ingkang nama Mohamad oemoer ± 2½ taoen, anakipoen Djajadirdja Kebajan ing Dwoeng kaloerahan Karangwoeni, bawah Dist. Pringsoerat Kaboepatèn Temanggoeng: kirang langkoeng djam 8 sonnen nalika laré waoe saweg tilem, dipointelar késah embokipoen dateng ing grijaning embahipoen laré waoe ingkang namoeng wates gedég, dados djjedjér (bandjeng).

Boten let dangoe laré waoe beengok-bengok, alok jén badanipoen kebesmi. Embokipoen kagét, noenten mlebet nggriga noewéni anakipoen sareng-sareng kalianj embahipoen Mohamad. Nalika poenika sami soemerep jén kemoeling anakipoen moeroep sampaen noelar dateng lengening sroewalipoen Mohamad ingkang sisih kiwa, malah sampaen doemoegi bokong. Latoe énggal dipenpendjahi. Wekdal poenika tjiang ingkang tandang (toewi) inggih katabah. Sedaja sami niti priksa, saking poendi asalipoen latoe ingkang moerogen mbesmi waoe. Ananging setoenggal kémawon boten wonten ingkang saged manggih sebab, mila pepoentonipoen ladjeng namoeng alok anéh. Soekoenipoen Mohamad ingkang kiwa wiwit saking poetjoek dridji doemoegi bokong ladjeng dados pating plonjoh; samangké boten dipointelar késah embokipoen dateng dokteran, na-

moeng dipoenöepakara pijambak, dipoenisirami mangsi. Nalika laré waoe kenging latoe bapakipoen boten wonten. Endjingipoen wangsoel tjiros jén waoe daloe dateng Krangan ± 3 pal saking Dwoeng. Embokipoen laré soesah sanget, djalaran badanipoen pijambak taksih sakit margi mentas keloeron kala tg. 17-8-'30 wewah-wewah anakipoen kobar.

Ingkang kenggé kemoel laré waoe sindjung taksih énggal, samangké kantoi sekedik (aoeoet). Anéhipoen:

1e. Dilahipoen pandjeran (téplok) tjoomantel ing gedèg sandingipoen tilem let ½ mèter boten éwah. Lipipoen: boten miring, boten woetah lisahipoen, adegipoen taksih kados kala waoe.

2e. Nanging kala mbok Kebajan lan embanipoen Mohamad dateng, téplok waoe sampaen pedjah.

3e. Mangka boten wonten tjiang sanès kadjawi Mohamad ingkang saweg tilem waoe.

4e. Lawang-lawang sami dipoen-kantting kadjawi boetolan dateng grijaning embah. Boten wonten barang itjal. Dados boten wonten pandoeng.

5e. Boten wonten rék oetawi tegesan rokok ing sandingipoen. Lan laré pantji boten dolanan rék oetawi obat.

6e. Boten ngadep bedijang. enz.

Margi mekaten waoe tjiang-tjiang sami gadah panginten jén laré waoe dipoenalsali setan. Saja mantep anggènipoen netepaken mekaten sareng nitik patrapipoen laré anggènipoen bédá adat saben. Adatipoen laré poenika boten poeroen sroewalan, klambèn. Lan boten kenging pisah kalianj embokipoen manawi badé timbel. Kedah neda kelon.

Nanging nalika poenika neda nganggé sroewal, lan tilem pijambak, boten oesah kelon lan neda kemoel sindjung.

Sapoena kemoel laré waoe dipointowéni sedérèkipoen, boten poeroen; tjiros jén isin margi sakitipoen sabah kobong. Saking akalipoen Mohamad soepados tatoe-tatoe waoe boten mambet, saben-saben dipointeljroti lisah wangi.

Wangsoel kobongipoen waoe. Poenapa inggih margi dipoenalsali setan saestoe?

Mangga! Kenging latoe saking poendi Rama Red?

S. S. D. H.

\*\*

#### Wangsoel.

Wangsoel kita poenika makaten:

10. Lalampahan anéh, kados ingkang kaseboet ing nginggil waoe, sampaen ta ladjeng énggal-énggal kawastanan saking setan. Awit lalampahan ingkang katingalipoen anéh, ngéram-éramaken, poenika manawi dipoeneroes kanti setiti ngati-ati, teka ladjeng ketingal wéla-wéla boten anéhipoen. Anéhipoen waoe namoeng kabekta saking daja-daja oet. barang ingkang salarapoten boten kawoeningan. Oepaminipoen: Radio. Toemraping tjiang, ingkang boten soemerep sangkuning swara, ladjeng mastani anéh, mbokmanawi oegi;

**KABAR KATHOLIEK.**

Kabir College Moentilan.  
Setoe tanggal 6 Sept. rama Diderich, inggih rama Dirèktoer Kw. S. pindah dateng Ngajodja. Poetra-poetrarang College sami ketinggal pating pleret, nanggang pandjenenganipoen paring panglipero mila poetra-poetra sami radi ledjar.

Tambah rama 2, inggih poenika rama Wammes kalijan rama Burgers. Saking negari Walandi terasan, rawoehipoen sareng kalijan rama Djawi kekalih; dèrèng saged ngendikan tjara Djawi.

Kemis tg. 11 Sept. Rama Rector rijayan taoenan. Pahargianwonten ing tooneelzaal, dawah malempoen. Tamoe-tamoe katah. Woedjoeding pahargian; speech gendingan, lan menjanjan (djempol), jasanipoen Rama Schouten.

Rama Rector njegah soelapan, saking Sepanjol, ingkang sampoen naté njeloap wonten ing Seminari Ngajodja; wah mila djempol éstoë; ndjaljan renaning para tamoe saha seneng bingahing para moerid, seja malih sareng Rama Rector paring Volkspel, lan gandjaranipoen djempol.

Wasana moegi-moegi pinandjanganing angkang joeswa.

Sabiring pahargian rama Ten Berge njeloap oegi ndadosaken tjingaking para poeta. Anggénipoen njeloap kersa nerangken, mila satengah moelang. Dados bokmanawi moerid-moerid N. S. Moentilan badé saged njeloap sadaja. (p. K.)

**Toemoet sisah.**

Nalika dinten Ngahad tg. 14 September 1930 kepengker poenika, pandjenenganipoen rama Pastoor... M. De Lange ing Poerwaredja, tindak dateng Poerwadi (salér Djenar, sanès Poerwadi bawah Semarang) nitih montor anggénipoen njewa gaduhanipoen satoenggeling Tiong Hoa. Pandjenenganipoen pijambakingkang nglampahaken lan dipointoempaki Welandi setoenggal toewin sopir.

Doemadakan wonten ing margi montor ngglimpang-dateng ing sabin.

Rahadjeng déné sedaja sami wi-loedjeng lan belinging katja tingal ingkang kaagem boten ngéngingi tingalipoen. Namoen larapanipoen Lémawon tatoe sekedik, margi kégging gedahing montor.

(P. Bl.)

**Grédja ing Salam.**

„Danjang Krasak“ martosaken wonten Sedio Tomo bilih ing doe-soen Salam, bawah Magelang, badé dipoinenedegi Grédja Katholieke. Kangé perloe poenika, sampoen dipointoembasaken siti lan grija pangaos f 7000.

„Danjang Krasak“ waoe, damel tjeténtangan makaten: „Salam itoe berbasat soengai Krasak dengan Tempel, jang disitoë banjak kaeom Protestant dan Moehammadiah. Alangkah baiknya seoempama ketiga kaeom itoe dapat berkoempol mendjadi satoe goena meremboeg jang sedjalan dan sehaloean tentang kepentingan oe-moem. Bisakah??“

Kita mangsoeli: Kangé kapreloewan oemoem, kita Katholieke saged njamboet damel sasarengan kalijan golongan poenapa kémawon.

**KABAR OEMOEM INDONESIA.**

Gégeran ing Panaraga Kidoel.

Margi goegontoehon.  
Tijang pedjah tiga;  
ass. wedana ketaton.

Kala Senèn 15 September, ing bawah Panaraga wonten gégeran, boten margi prakawis politiek, boten prakawis Agami, nanggang margi prakawis goegontoehon; ngandelan.

Manoet Mataram, katerangan-ipoen makaten: Ing doesoen Klepoeh, Panaraga Kidoel, onderdistrik Soediromo, distrik Ngadiredja, tepong wates kalijan kaboeptan Trenggalék (Blitar),... wonten tijang anama Kramaredja,... ingkang soegih pangaribawa dateng tetijang ngrikoe.

Poen Kramaredja tjarios, bilih ing dinten Djoeemoewah Pon minggoe kapengker poenika, badé wonten baja toemoeroen saking ngginggil anama „badjoel bëbëk“. Badjoel waoe badé ngoentali tetijang ingkang wonten grija. Manawi tetijang ngrikoe kapéngin wiloedjeng kedah toemoet pijambakipoen dateng goemoek inggil ingkang tebihipoen saking ngrikoe sawatawis pal, perloe anengganidjabipoen anakipoen éstri Kramaredja kakalih, pikantek djadaka édan.

Ing dinten waoe, wonten tijang kirang langkoeng 130, toemoet Kramaredja djagong ngantén. Ass. wedana Soedimara ingkang boten ngidini wontening manton waoe, dipointoewartos kepala doesoen. Ass. wedana kalijan oepas sawatawis ladeng dateng papan waoe.

Nalika soemerep dipointoengtengi ass. wedana, Kramaredja mingoet-tinggoet, anggar-agari doewoeng. Golongan Ass. wedana mangertos bilih balanipoen Kramaredja katah ingkang asikep dadamel, amila badé ngawonaken pangadjengipoen lang-

**Sowan I. S. K. S. Rama.**

I. S. K. S. Rama, Pius XI, mentas nampi piswanipoen mantoe Mussolini, graaf Galeazzo Ciano kalijan garwanipoen Edna Ciano, ingkang sami badé pangkat dateng Tiongkok, anglampahi anggénipoen winisoeda dados kongsoel-djéndral kangé Itali, wonten Shanghai.

**Tedak papriksa.**

Zusters van Onze Lieve Vrouwe van Amersfoort, ingkang sampoen kagoengan sakolahan-sakolahan ing Djember toewin Probolinggo, pikanteuk tilgram saking nagari Walandi, asoeraos bilih Algemeene-Oversteneipoen congregatie waoe badé tedak papriksa dateng bawahipoen ing misie tanah Indonesia.

**Tariefwet Amerika.**  
(Angéngging Pasamoewan Katholieke).

Tarip prabéja lebeting barang dateng Amerika, oegi angénggingi barang-barang kangé betahipoen Pasamoewan Katholieke.

Tarip invoorrechten kangé tjen-debla-tjendela ingkang mawi rerenggan, ingkang sasatiipoen namoeng dipoinanggé wonten Grédja-Grédja, prabéjanipoen kaindakaken saking 50%, dados 60%. Retja, ingkang soewaoenipoen mlebet tanpa waragad, sapoena kenging prabéja 50%. Invoerrechten kangé lilin-lilin inggih dipoinindakaken boten sake-dik. Boekoe-boekoe Indjil lestantoon boten kenging paos, nanggang boekoe-boekoe sembahangan lan kidoengan, katarik waragad 25%.

Pangageman-pangageman soetji, sapoena kalebetaken wonten go-longan dagangan soetra, wol, mori, lss. ingkang invoorrechten-ipoen inggih kaindakaken.

**Kakantjingan boten adil, ambe-bajani.**

Gandeng kalijan pasoelajanipoen Pasamoewan Grieksch-Orthodox kalijan Pasamoewan Katholieke, ing awaling woelan poenika, paréntah Griek ngedalaken kakantjingan ingkang wonten ing Aneta-radio dipointoebatken boten adil, ambe-bajani sarta soelaja kalijan babadipoen Pasamoewan Soetji. Déne kakantjingan saking paréntah Griek waoe, asoeraos: ngoelama-ngoelama Katholieke dipoinewasi sangat manganggep panganggénipoen ngoelama Katholieke ing ngrikoe anjéngko Paus ing kalangan Grieksch-Orthodox.

Ngoelama Katholieke sami dipointoantjam, manawi ngantos nerak patjak ing ngginggil, badé ladeng toemoerten katoendoeng saking ta-nah ngrikoe.

Éndjingipoen, dados dinten Setoe éndjing, Boepati, Ass. resident, wedana, lan koemendan pélpelisi, pélpelisi nenen, sami dateng Klepoeh. Tetijang pinanggih wonten goewa angongkang lèpèn. Saking pangatagipoen poelisi, Kramaredja medal, angliga doewoeng, djogédan wonten sangginggiling séla-séla ing lèpèn, sarta soesoembar bilih badanipoen poenika Batara Kresna, ing Dwarawati. Anggénipoen moengel,... boten pasah dadamel. Nalika kapoerih noetoet boten poeroen, malah badé ngławan. Kramaredja ladeng dipointéwang, kataton kalih enggèng ing sirah,... sarta ladeng pedjah ngéngéng.

Balanipoen Kramaredja, wonten sawatawis medal saking goewa, noetoet, kinten-kinten tijang djalear 16, tijang éstri 50. Ing nglebet goewa taksih wonten tijang dasanan. Poelisi doesoen ladeng mlebet ing goewa waoe, sarta ladeng dipointéjonan tetijang ingkang wonten goewa mawi dadamel doewoeng. Pélpelisi pikantek abu angogelengan sendjata, andadosaken tiwasipoen tijang kalih. Golongan bestuur ingkang kataton: tjarij doesoen satoenggal, oepas kalih.

Amékanikatah wedalipoen rah, Bestuur ladeng moendoer, sarta lapoer dateng Resident Panaraga, ingkang ladeng ngintoenaken pitoe-loengan dokter, njantosakken pél-pelisi Patjitan.

Ngahad éndjing Resident rawoeh ing papan ngginggil, tetijang ingkang taksih wonten nglebet goewa ka-

**ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.**

**MALAISE, . . . .**

Sapisan engkas! Prakawis Malaise, inggih Bezuiningg, . . . . inggih Pangiridan!

Angka-angka ing ngandap poenika badé amboeka paninggal. Badé mangertosaken, bilih Nagari pijambak inggih kagoengan samboetan, ngantos maled-maled. Ènet: Nagari ingkang medal onderwijs Iss. amitoetero kita kedah gemi, sam-poen negebréh!

Wonten Ontjèn koela prakawis bezuiningg ingkang roemijn-roemijn koela sampoen ngatoeraken prihatosing manahipoen tetijang ngrik, dalah béka rentjana ingkang tjalon toewoh saking malaise waoe.

Kadjawi poenika inggih sampoen koela atoeraken: karsanipoen Nagari ngwontenaken pangiridan waoe toemoesipoen oegi dipointeraosaken tetijang ingkang njamboet damel wonten partikelir.

Wonten ing kita-kita ageng, oetawi wonten ing koran-koran, pandjengan sami soemerep krodaipoen pedang-bezuiningg, ingkang tjerat-jerat damel tiwasing wetengipoen tijang pinten-pinten.

Nanging, sampoenipoen makaten, kita inggih kedah amboen-tasaken pamanggih kita. Djer lalampahan ing donja poenika manaoet wedaring pangandikanipoen para nawoeng-krida, saestoe wonten pigoenanoipoen.

Malaise inggih saged angindakan-ken radadjuding tijang! Koewagang njarasaken ndjawi-ngelebeting manoenisa! . . .

Djer, . . . saleresipoen kémawon, wonten salebetting djaman begdja, djaman moerah-sandang moerah pangan, tetijang sami goemamil; kontjatan kaprajitnan. Wonten ing djaman ngredjekeni, tetijang katah-katahipoen sami kontjatan initiatif.

Wangsoel djaman mlarat, ameksa tijang kedah angeloer boedi; amangoen tijang dados insinjor ingkang saged nedegaken grijja pengkoeh mitajani.

Kala alam lemoe, tetijang anggénipoen padas kasenengan késah saking sadjawining grijja . . . . Ing alam koeroe, tetijang waoe badé pikantek koepija bilih doenoenging kasenenganan manah pinanggih oegi wonten salebetting grijja, boten soesah mlangkah pager.

Samboetan 44 mlijoen waoe, wonten ing akiripoen taoen 1928, ingkang kabajar saweg f 17.178.000; dados taksih kirang f 26.822.000.

Taoen 1898, gadah samboetan malih f 57.815.000, mawi anakan 3%. Doemoegi akiripoen taoen 1928, ingkang dipoinbajar saweg f 41.071.000, dados taksih kirang f 16.744.000.

Ing abad XX, samboetanipoen ngrik, boten saja tipis, malah saja mindak.

Wiwit taoen 1915, doemoegi taoen 1926, Goepermèn njamboet malih ngantos rambah kaping kawan-welas.

Goenggoeng kempalipoen, wiwit taoen 1883 waoe, Nagari kagoengan samboetan: f 1.203.787.000 (nominaal).

Samboetan semanten katahipoen poenika, ingkang sampoen kasaeran saweg f 192.110.000.

Dados taksih noenggak: f 1.011.677.000 (alias langkoeng saking séwoe mlijoen).

\*\*

Mangga, poenapa boten mrinding-aken angka-angka makaten poenika!

Mangka, pamedalipoen Nagari, kala taoen 1929, goenggoeng kempalipoen namoeng f 325.926.000, imbet pamedal saking monopolie: Pagantosan f 13.753.000; monopolie apjoen f 26.641.000; lan monopolie sarem f 49.289.000.

Nitik angka-angka ing ngginggil, dados inggih boten maiben déne Nagari namakaken pedang-pang-ridan.

Nanging, . . . ingkang anggoenaken malih poenika, déne Nagari boten karsa andahar atoeripoen tetijang kátah a n g e l o n g i o e t , ngij-tjali wedaling arta ingkang boten perloe, oep. begrooting Perang Iss., kados atoer koela roemijn.

Mangka, . . . pamedalipoen Nagari ing taoen 1930 poenika, inggihboten wonten soelak-soelakipoen anggengaken manah, kepara malah soeda tinimbang kala taoen kapengker.

Mitoeroet tjatetan opisijil, selebet-ipoen Djanowewari — Djoeni 1930 poenika, dados salebetipoen sate-nang taoen, pamedalipoen Goep-

poerih medal. Tetijang sampoen sami noetoet.

**P. R. I.**

Kala Ngahad 14 September poenika ing Djakarta madeg pakem-palan politiek énggal anama Partai Rakjat Indonesia, dipointepangarsani sadérèk Tabrani. Pakem-palan waoe adadasar coöperator.

**Lindoe ing Minahasa.**

Kala tanggal 11 September, djam 10.15, ing Minahasa lan Amoerang, karaos wonten lindoe santer, dange-nipoen satengah menoet.

Ing Amoerang, dinten Kemis da-loe wonten lindoe malih santer sanget, dangoenipoen 1½ menoet, lam-pahipoen saking Kidoel mangalér. Katah tijang-tijang pesir sami mla-djeng padas pangoengsén. Siti pasisir satjelakipoen moewaraning lè-pèn longsor. Ing daloe waoe, saben-saben karaos wonten gendjotan lirih,

mèn ngrik, soeda kirang iangkoeng 29,5 mlijoen.

Mangga, poenapa boten ngoewa-tosaken?

\*\*

Wonten Ontjèn koela prakawis bezuiningg ingkang roemijn-roemijn koela sampoen ngatoeraken prihatosing manahipoen tetijang ngrik, dalah béka rentjana ingkang tjalon toewoh saking malaise waoe.

Kadjawi poenika inggih sampoen koela atoeraken: karsanipoen Nagari ngwontenaken pangiridan waoe toemoesipoen oegi dipointeraosaken tetijang ingkang njamboet damel wonen partikelir.

Wonten ing kita-kita ageng, oetawi wonten ing koran-koran, pandjengan sami soemerep krodaipoen pedang-bezuiningg, ingkang tjerat-jerat damel tiwasing wetengipoen tijang pinten-pinten.

Nanging, sampoenipoen makaten, kita inggih kedah amboen-tasaken pamanggih kita. Djer lalampahan ing donja poenika manaoet wedaring pangandikanipoen para nawoeng-krida, saestoe wonten pigoenanoipoen.

Malaise inggih saged angindakan-ken radadjuding tijang! Koewagang njarasaken ndjawi-ngelebeting manoenisa! . . .

Djer, . . . saleresipoen kémawon, wonten salebetting djaman begdja, djaman moerah-sandang moerah pangan, tetijang sami goemamil; kontjatan kaprajitnan. Wonten ing djaman ngredjekeni, tetijang katah-katahipoen sami kontjatan initiatif.

Wangsoel djaman mlarat, ameksa tijang kedah angeloer boedi; amangoen tijang dados insinjor ingkang saged nedegaken grijja pengkoeh mitajani.

Kala alam lemoe, tetijang anggénipoen padas kasenengan késah saking sadjawining grijja . . . . Ing alam koeroe, tetijang waoe

M. v. BIENE.

Toekang herlodji  
dan Toekang emas.

Adres jang  
moerah

DJOKJA BANDOENG

Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-  
LODJI dan PERKAKAS  
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran  
Swara Tama  
dapat POTONGAN.

PAKOLÉH TOER LOEWESAN  
SAÉ TOEWIN AWET  
INGGIH NAMOENG  
**MERK GAZELLE**  
INGKANG AWOEDJOED  
ALCYON DUNLOP RIJWIELEN  
R. I. W.  
Nitjil kenging! — Kentjeng soekoer!  
GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG  
MALIOBORO — DJOKJA — TELE. 508.

TOKO BARANG - BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.  
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;  
Kereta dan korsi boeat anak - anak;  
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan  
— permainan boeat anak - anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN  
MOERAH SEKALI!

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik  
boewat pembikinannya.

ROTI - ROTIE, KOEWEE - KOEWEE dan  
BESCHUIT - BESCHUIT KERING.

SROETOE - SROETOE dan ROKOK -  
ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita  
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die  
giling dengan machine Electries, bisa giling aloes  
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an  
die tanggoeng sampee menjenengken, harga per  
pond f 0,90.

Bolih dateng saksien!

Memoedijken dengen hormat  
Toko DJOEN & Co.

TJET GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2½ 1 ½ kilo;

sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

TJET GILAP model B, kanggé ndjawi lan nglebet

namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50;

5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R.B. FRIELING

Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

Tijang ngamoek.

Kala Rebo kapengker poenika, wantji éndjing wonten tijang éwah anama Manap, mlebet toko Tionghoa ing peken lempoe Salatiga, anatoni Tionghoa kekalih mawi péso, kenging goeloenipoen. Tijang waoe ladjeng natoni laré badé salolah kalih, ing tangan lan goeloe, nangging tatoenipoen boten sapintena, amargi toemoenteen saged kapitoe-loengen tijang katah. Tijang ingkang ngamoek waoe dipoenkléwang,..... lan kawontenanipoen tatoenipoen matosaken sanget. saladjengipoen kabekta dateng grijah sakit Semarang. Tijang ingkang dipointatoni kawontenanipoen boten moetawatosi.

Toko Boedi Oetama.

De Koerier njarijosaken, toko kooperasi „Boedi Oetomo“ Afd. Bandeng, salebetipoen Juli kapengker saged padjengen barang warni-warni: f 3.102,32; kala Juli 1929: f 2.466,61.

Goenggoeng kempalipoen pepadungan reged salebetipoen pitoeng woelan ing taoen poenika wonten f 22.140,29. Kala Januari — Juli 1929, wonten f 16.831,775. Dados mindakipoen mēh f 6000.—

Kabesmén ageng.

Ing Pontianak mentas wonten kabesmén ageng, angloedesaken peken, ngantos 300 pintoe. Kapitoenéniopen kinten-kinten wonten 4 mlijoen.

Barang wedalan tanah Djawi lan Madoera.

Manoet tjatetan, barang - barang ingkang kawedalaken saking tanah Djawi lan Madoera saking golongan partikelir, kala Agoestoes wonten 320.808 ton, pangaos f 45.550,000, kala Agoestoes taoen kapengker

437.768 ton pangaos f 70.250.000. Djanowari — Agoestoes taoen '30, barang saking kalangan partikelir ingkang kawedalaken saking tanah Djawi wonten 2.293.023 ton, pangaos f 375.805.000 (kala Djanowari — Agoestoes 1929, wonten: 2.792.781ton, pangaos f 472.092.000).

SAKING MATARAM.

Pakempalan Langen Tjatoer Mataram, mentas mangsah joeda kalijan pakempalan schaak gedahaniopen siswa Seminarie, kawoesananiopen 5½ - 8½, menang L.T.M.

P.P.K.D. afd. Ngajogja, bêndjing

Ngahad poenika badé ngawontenaken

rerembagan kalijan kantja Katholiekt

wonten pakempalan P.P.K.D. ing Medari,

Gandjoeran, Kalasan, perloe angrembag

badé wonten Pantieno Balé Agoeng ing tanah

Kedjawén. Pantjeniopen rembag poenika

karembag kala Ngahad waoe, nangging

rēhné ingkang andatangi parepatan na-

moeng sakedik, rembag Balé Agoeng

kaoendoer doemoegi Ngahad 21 Sept.

poenika (Kawontenan: parepatan kala

Ngahad, ingkang raweh boten mingras,

.... poenika foemrap Mataram, anggoemoenaen ...)

Kantor pos énggal.

Kawertos, sapoenika wonten oe-  
soel soepados Nagari ngedegaken  
kantor pos wonten Tanggoel (Djawi  
Wétan), Batoe Radja (Soematra Ki-  
doel), lan ing Tandoeng Karang  
(Lampoeng).

Koeli-koeli kontrak katah ing-  
kang kawangsoelaken.

Ing salebetipoen woelan Agoestoes  
poenika, koeli ingkang kawangsoela-  
ken mriki sarta moedoent wonten  
Betawi, saking Sabrang wonten 1559,  
saking onderneming Serawak lan  
tanah Malaka wonten 109, dados  
goenggoeng wonten 1678. Déné ing  
woelan September poenika, tjatjahi-  
poen koeli ingkang kawangsoelaken  
waoe mindak malih, kinten-kinten  
wonten saantawisipoen 1800 kalijan

2000. Anggènipoen kawangsoelaken  
waoe, gagajoetan kalijan malaise.

Bestuurshervorming.

Pamanggihiopen professor Van  
Volleghoven wonten ing Econo-  
misch Statistische Berichten,  
amastani: bilih badé wontening  
bestuurshervorming ing Soematra  
poenika namoeng nama angetjéh-  
etjéh wekdal toewin arta.

Wana kabesmén.

Wana satjelakipoen talaga Ranoe  
Goembala, sawétanipoen èrèng-  
èrèngipoen redi Koekoesan, paredèn  
Semèroe, mentas kabesmi.

Bezuining.

Atas asmanipoen Ingkang Witjaksana  
Goepernoer Djendral, para pang-  
genging departement toewin gewest  
sami dipoenkintoeni serat sebaran  
asoerao angénetaken sapisan mali-  
soepados manawai amindah poeng-  
gawa oetawiangakén komisi kékésah-  
an dipointepana pranatan-pranata-  
nipoen ingkang saëstoe; awit téte-  
lido kaperloewanipoen nagari boten tan-  
sah dipoen-gatosaken, sarta anggèn-  
ipoen komisi kékésahan waoe boten  
tansah toemindak mawi tjara ingkang  
ngirid toemraping nagari.

Katjoelikan serat winados ing  
Hoofdparket.

Landraad anetepaken oekoeman  
3 taoen (kasoeda wekdal tahanan)  
dateng R. Slamet hoofdtipist ing  
kantor Hoofdparket, margi amendet  
serat-serat winados, ingkang ladjeng  
katampékaken pangandjoer kabang-  
san ing ngriki.

Manoet pamirengipoen Aneta,  
poetoesan 3 taoen poenika waoe  
dipoenéwhi Justitie kadadosaken 4  
taoen kasoeda wekdal tahanan.

Boeat toean poenja

E  
ER  
ERCEE  
E

APOTHEKEN

Rathkamp & Co  
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGÈNT KANGGÉ SALEBETIPOEN  
NGAJOGJAKARTA.

Sepeda - sepeda merk:  
SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.  
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.

TOURIST: A. A. sarta A.

Sedija oegi sepeda merk:  
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —  
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.

Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.—

saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perkakas koentji sarta wadah lisah.

Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk:

ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.

Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen

tosan sarta tjét wénter.

PENJADÉJAN KENTJÉNG SARTA KATJITJILAKEN.

Menawi perloe moendoet keterangan, badé kakintoen pratélanipoen kalajan letahanan.

Njenjadang Welingan.

Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:  
„WIRJOSOESEN“

Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.-7.30.	Lamah	5.30 - 6 - 8.	Pekalongan 8)	6.30 - 8.	Kependjén	6 - 7 - 9.
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6 - 7.30 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6 - 7 - 8.30.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 9.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandoeng Balai	7.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandoeng Karang	8.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Probolinggo	7.30.	Tandoeng Sakti	7.30.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal	6.30 - 8.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambong	8.	Tering	7.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjep 8)	7.30.
		Kota Baroe	Jav. 6 - 8.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6 - 8.
		Djombang 1)	7.30.	Modjokerto	6 - 7.30.	Tomohon	7 - 8 - 9.
		Fort de Kock	7.30.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Wates 7)	7.
		Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Weltevreden:	
		Gombong 3)	7.30.	Padang 7 - 8.15 - 9 (tjina).	7.30.	Waterlooplein	5.45 - 7 - 9.
		Keboemén 4)	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Kramat	6 - 8 - 9 (mal.).
		Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Wonosobo 8)	7.30.
		Klaten	7.30.	Palembang	7 - 9.	Woloan	8.30.
		Koeta Radja	6.30 - 8.	Paseroean 1)	7.30.		

2) 1e. Achad.

2) 1e. + 3e. Achad.

3) 2e. Achad